



Pou Piblikasyon Imedya: 17/08/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONSTWIKSYON MAJÈ YO PRAL KÒMANSE NAN NOUVÈL GWO SAL RASANBLEMAN MOYNIHAN TRAIN**

***Transfòme Batiman James A. Farley a An Yon Sal Rasanbleman pou Tren Modèn Ki Mezire 255,000 Pye Kare***

***Batiman Transpò, Komèsyal ak Lavant an Detay sa a Pral Gen Tou yon Espas Klas Mondyal ki Mezire 700,000 Pye Kare pou Devlopman a Izaj Miks***

***Pwojè 1.6 Milya Dola sa pral Kreye Plis Pase 12,000 Pòs Travay nan Konstwiksyon ak 2,500 Pòs Travay Pèmanan***

***Demolisyon Etaj Sal Triyaj Orijinal la ki te Fèt Senk Mwa Avan sa Ap Pèmèt Konstwiksyon Majè yo Kòmanse***

***Ou kapab wè kontrandi yo sou Nouvèl Sal Atant Moynihan Train lan [Isit la](#)***

***Ou Kapab Wè Videyo Konsènan Pwojè a [Isit la](#)***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstwiksyon majè yo nan Moynihan Train Hall la, ki se yon sant transpò klas mondyal pou 21èm syèk la. Redevlopman Batiman Farley an pou vin tounen Moynihan Train Hall lan pral kreye yon nouvèl Sal Rasanbleman pou Tren (Train Hall) ki mezire 255,000 pye kare pou pasaje Long Island Rail Road ak Amtrak yo, epi li pral ogmante espas etaj rasanbleman total Batiman Pennsylvania Station-Farley an de plis pase 50 pousan. Batiman Farley an pral loje tou 700,000 pye kare nouvèl espas komèsyal, lavant an detay ak dine nan etablisman miltifonksyon an, epi kreye yon espas sivik ikonik pou Bò Lwès nan Manhattan.

“Pandan plizyè dekad, yo te pwomèt pasaje yo yon sal rasanbleman pou tren klas mondyal ki valab pou New York - jodi a, nou ap akonpli pwomès sa epi fè rèv sa vin yon realite”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nou ap transfòme Biwo Lapòs Farley a an yon santral transpò modèn pou pèmèt pasaje yo rann yo kote yo bezwen pou kapab ale pi rapid epi yon fason ki pi konfòtab. Ak pi bon aksè a tren ak metwo yo, opòtinite lavant an detay dinamik ak biznis yo ak konsepsyon achitektirèl etonan, nou ap pote Penn Station nan 21èm syèk.”

Gouvènè a te anonse tou achèyman premye etap fondamantal konsiderab nan konstwiksyon transfòmatif Batiman Penn-Farley ke Gouvènè a te anonse an Septanm 2016, pliske travayè yo te fin demoli ansyen pati etaj sal triyaj la. Akonplisman sa - ki te fèt senk mwa anvan delè a - pral pèmèt Related Companies, Vornado Realty LP, ak Skanska USA, ekip devlopè-konstwikte an, pou kòmanse konstwiksyon total sal rasanbleman pou tren an, ki enkli likàn 0.4 ekta a.

Depi Septanm 2016, yo te fè pwogrè konsiderab nan prepare batiman Biwo Lapòs James A. Farley an pou transfòmasyon radikal sa. Jiska dat, Skanska te retire plis pase yon ekta planche an beton ak asye pou kapab ogmante espas vètikal anba likàn fiti Moynihan Train Hall lan. Pwosesis sa te gen ladan demolisyon 6,000 tòn beton epi retire anviwòn 800 tòn asye, menm jan ak yon 400 tòn adisyonèl materyèl danjere yo. Skanska te fè pwogrè konsiderab tou nan demolisyon enteryè tout senk etaj yo ki nan Batiman Farley a.

Batiman Farley an te elabore pa McKim, Mead & White kòm yon sè pyès metrès lan -- Pennsylvania Station orijinal la. Senk dekad apre pèt estrikti orijinal la, Moynihan Train Hall lan pral yon lòt fwa ankò bay Nouyòkè yo yon bèl antre nan yon mèyè achitektirèl McKim, Mead & White. Sal rasanbleman pou tren nan Batiman Farley an pral pote non gran defansè li yo — ansyen Senatè Daniel Patrick Moynihan.

Moynihan Train Hall nan Batiman Farley an pral genyen yon nouvo likàn espektakilè 92 pye de wotè, ke yo pral konstwi sou sipò an asye ki dramatik sou plan achitektirèl ak istorik nan batiman an. Tout tren LIRR ak Amtrak yo pral desèvi pa nèf platfòm ak 17 wout ki pral aksesib apati Sal Rasanbleman pou Tren an, ki desèvi pa onz eskalatè ak sèt asansè. Sal Rasanbleman pou Tren an pral bay yon koneksyon dirèk nan metwo Eighth Avenue Subway, epi kreye aksè dirèk nan estasyon tren soti nan 9<sup>th</sup> Avenue pou premye fwa, ki ap pote opsyon transpò rejyonal san parèy yo ki nan yon atent konvenab pou zòn Hudson Yards ak Far West Side ki ap fleri yo.

An plis de demolisyon ak deplasman materyèl aktyèl yo, travay yo te kòmanse nan anpil nouvo branch nan Batiman Penn-Farley an, ki enkli:

- Restorasyon fasad eksteryè nan 31st Street ak lakou enteryè yo;
- Kreyasyon nouvell ouvèti pou akomode eskalatè yo ki ap pote pasaje nan nivo platfòm yo;
- Kouvri twa nan sis platfòm tren ki anba tè yo pou operasyon demolisyon ak konstwiksyon yo; ak
- Enstalasyon 100 tòn nouvo asye.

Pwojè 1.6 milya dola a li finanse gras a 550 milyon dola ki soti nan Eta a, 420 milyon dola ki soti nan sibvansyon Amtrak, MTA, Port Authority ak federal yo, ak 630 milyon dola ki soti nan men devlopè antrepriz komin lan yo. Yo vize fin konplete nouvell Sal Rasanbleman pou Tren an apati fen 2020.

Moynihan Train Hall lan fè pati transfòmasyon 2.5 milya dola Batiman Pennsylvania Station-Farley an ke Gouvènè Cuomo te anonse a an Janvyè 2016 ki pral drastikman modènize, mete ajou epi reyelabore santral transpò Amerik ki pi chaje an pou vin

tounen yon etablisman klas mondyal pou 21<sup>èm</sup> syèk lan. Batiman an genyen tou yon rekonsepsyon global sal rasanbleman 33rd Street LIRR aktyèl lan ki nan Penn Station, ak yon renovasyon ekstansif nan estasyon metwo Seventh Avenue ak Eighth Avenue ki akote yo. Plan an pral enkli prèske triple lajè Koridò 33rd Street lan, ki pami seksyon ki pi chaje yo nan Penn Station epi pwolonje sou tout nivo pi ba estasyon an soti depi nan Seventh Avenue pou rive nan Eighth Avenue. Lòt amelyorasyon yo gen ladan yo ekleraj ak panèl oryantasyon ki modènize, ak ekran dijital yo pou bay enfòmasyon epi kreye yon eksperyans pasaje modèn.

**Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development (ESD), Howard Zemsky, te deklare,** “Yon santral transpò 21<sup>èm</sup> syèk li entegral nan yon seremoni djanm 21<sup>èm</sup> syèk. Etap fondamantal jodi a fè nou vin yon pa pi pre pou gen yon Penn Station klas mondyal ki konplètman modènize, epi mwen felisite Gouvènè a poutèt li priyore epi investi nan enfrastrikti enpòtan yo epi fè pwojè sa vanse devan.”

**Wick Moorman, ki se Ko-Direktè Egzekitif Jeneral Amtrak, te deklare,** “Nou aplodi Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan fè vanse konstwiksyon Moynihan Train Hall lan. Nouvèl Sal Rasanbleman pou Tren an pral bay yon nouvèl sal modèn pou pasaje Amtrak and Long Island Rail Road yo, ki finanse an pati pa yon kontribisyon 105 milyon dola ki soti nan Amtrak. Ansanm ak renouvèlman enfrastrikti Amtrak ak amelyorasyon sal rasanbleman yo nan Penn Station, sa se yon lòt etap fondamantal konsiderab nan efò pou kreye yon pi bon eksperyans kliyantèl pou pasaje yo ki nan New York.”

**Jerrold Nadler, ki se Manm Kongrè, te deklare,** “Anons jodi a se yon etap majè nan reyalize vizyon odasye Senatè Moynihan lan pou gen yon gwo pòt prensipal ray nan Vil New York. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo, ki te travay san fatige pou transfòme Batiman Biwo Lapòs Federal Farley an nan Manhattan, epi mwen fyè poutèt mwen te ede pouse jwenn finansman federal pou pwojè sa. Mwen konvenki ke Moynihan Station se jis modèl amelyorasyon enfrastrikti ak devlopman ekonomik ke New York ak nasyon nou an bezwen. An plis de jenere plizyè milye bon jan travay, Moynihan Station pral pote enfrastrikti ki ap vyeyi nou yo nan 21<sup>èm</sup> syèk, epi elaji kapasite nou pou pasaje yo epi fè New York - an patikilye Bò Lwès Manhattan- vin pi aksesib pou vwayajè ak vizitè yo.”

**Carolyn B. Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare,** “Gouvènè Cuomo te devwale yon vizyon enteresan pou transfòmasyon Batiman Biwo Lapòs Farley an pou vin tounen yon santral ki pral rann jistis a estrikti Beaux Arts ekstrayòdinè yo ak neseseite transpò ijan Nouyòkè yo. Lè li fini, Moynihan Train Hall lan pral vin yon gwo destinasyon ki gen magazen ak restoran ki pral atire tout Nouyòkè yo, epi fè depasman ak vwayaj yo vin pi agreyab. Mwen kontan anpil dèske New York pral yon lòt fwa ankò desèvi pa yon tèmininal ikonik ke grandè ak bote li reflekte tout sa ki pi bon nan vil nou an.”

**Manm Kongrè Adriano Espaillat te deklare,** “Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt mega pwojè sa kòm yon pati nan angajman li pou investi 100 milya dola nan pwojè enfrastrikti yo atravè New York, ak pou anons jodi a pou devwale renovasyon nan Moynihan Train Hall modènize a. Nouvo Moynihan Train Hall lan, nan bote ak reyelaborasyon li, pral yon pati ki enpòtan anpil nan remanman Penn Station lan, amelyore enfrastrikti transpò New York yo epi ede konekte vwayajè yo pi lwen pase Manhattan ak atravè vil yo nan mond lan.”

**Senatè Brad Hoylman te di,** “Aprè plizyè dekad fo kòmansman, se yon testaman pou achitekti esplandid McKim, Mead & White, eritaj Senatè Daniel Patrick Moynihan ki ap andire a ak lidèchip Gouvènè Andrew Cuomo ke Biwo Lapòs Farley an pral transfòme kounye a pou vin tounen Moynihan Train Hall lan. Mwen rekonesans anvè Gouvènè Cuomo poutèt li lanse pwojè monimantal sa nan distrik Sena mwen an ki pral yon avantaj enòm pou vwayajè yo ak yon bourad konsiderab pou ekonomi vil la.”

**Senatè Marisol Alcantara te deklare,** “Aprè plizyè dekad blokaj ak reta, Nouyòkè yo ap finalman temwen renesans batiman Farley a pou vin tounen yon sal rasanbleman pou tren ki reyèlman valab pou gwo vil sa. Transfòmasyon modèn sa pral transfòme nouvo Moynihan Train Hall lan an yon pòt prensipal klas mondyal nan Manhattan - ki ap ofri moun lokal menm jan ak touris yo yon prezantasyon reyèlman espektakilè nan Vil New York, kit se premye fwa y’ap vizite oswa kit y’ap vwayaje senpleman pou al travay. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak patnè mwen yo ki nan Kò Lejislatif la poutèt yo fè pwojè ki te antisipe depi lontan sa vanse rapidman pou rive nan achèvmant, paske Vil New York merite pi bon bagay yo epi ak pwojè sa, nou pral bay sa menm.”

**Manm Asanble Richard N. Gottfried te deklare,** “Nou te tann depi lontan pandan ke tout jwè yo te eseye rezoud pwojè Farley/Penn Station lan. Gouvènè Cuomo te fè yon gwo travay nan òganize li epi fè li vanse devan. Transfòmasyon batiman Farley a an yon sant transpò 21èm syèk sa pral ede moun ki ap viv, travay epi vizite zòn nou an deplase pi fasilman epi pi rapidman. Mwen felisite patnè eta ak vil nou an yo poutèt yo pote pwojè sa vin yon reyalite, bay travay pou fanm ak gason New York yo, epi pwouve mond lan ke gouvènman ka fè travay yo.”

**Prezidan Minisipalite Manhattan, Gale A. Brewer, te deklare,** “Mwen kontan wè administrasyon Gouvènè Cuomo a ap kontinye fè pwogrè nan pwojè sa ke yo te dwe fè depi lontan. Manhattan te merite depi lontan yon tèminal ray ant vil yo ki valab pou pi gwo vil nan mond lan. Pandan de pwojè sa ap vanse, mwen espere travay ansanm ak Gouvènè Cuomo ak ofisyèl eli Penn Station yo pou asire ke vwazinaj la ak rezo transpò a tire avantaj total de batiman estasyon modènize sa.”

**Manm Konsil Vil New York Corey Johnson te di,** “Aprè plizyè dekad ap balanse, New York pral finalman gen kè rezo transpò li an, yon santral transpò modèn 21èm syèk. Espektakilè nan konsepsyon achitektirèl li epi apwopriye pou devlopman komèsyal ak lavant an detay, Moynihan Train Hall lan demontre ke gouvènman an kapab bay rezilta remakab pou moun li ap bay sèvis yo. Pandan plizyè ane, anpil moun te pale de bèl ide pou transfòme Biwo Lapòs Farley ikonik la, men sa pa’t rive fèt. Gras a lidèchip inebnanlab ak vizyon Gouvènè Cuomo a, nou ap selebre yon lòt etap fondamantal majè nan transfòmasyon Penn Station epi bay Nouyòkè yo santral transpò klas mondyal ke yo merite a.”

**David Greenbaum, ki se Prezidan Divizyon New York pou Vornado Realty Trust te deklare,** “Nou felisite Gouvènè Cuomo ansanm ak ekip li an, menm jan ak wout ray yo, poutèt yo fè inogirasyon tèren jodi a vin posib. Transfòmasyon Batiman Farley istorik lan pou vin tounen Moynihan Train Hall majestyè an sa pral demontre, menm jan ak predesesè li a Grand Central, pouvwa yon gwo espas piblik. Pwojè a pral enkli tou gwo espas biwo ak planche, yon kanpis orizontal ki efikas, ki atiran pou lokatè klas kreyatif aktyèl yo. Redevlopman an pral genyen tou yon destinasyon lavant an detay distenktif

ki pral desèvi plizyè milye abitan, travayè, vizitè, ak vwayajè ki pral pase atravè batiman an chak jou. Batiman istorik ki restore a pral vin tounen yon atraksyon ke moun dwe wè pandan nenpòt vizit nan New York.”

**VisPrezidan Egzekitif Skanska USA a, Michael Viggiano te di,** “Skanska USA kontan anpil pou li fè patenarya yon lòt fwa ankò ak Gouvènè a epi felisite lidèchip li nan fè pwojè ki enpòtan anpil sa pou bò lwès Manhattan vin yon reyalite. Menm jan ak metwo Second Avenue Subway ki resamman fin konplete a ak nouvo pon Kosciuszko Bridge lan, Skanska fyè pou li ede reyalize vizyon Gouvènè a pou transfòme vil lan pou yon nouvell jenerasyon Nouyòkè. Kit ou ap vwayaje nan LIRR, Amtrak, oswa metwo a, Batiman Farley ke yo te reyelabore a pral chanje lavi yon pakèt vwayajè chak jou.”

**Jeff Blau, ki se Direktè Egzekitif Jeneral Related Companies te deklare,** “Nou kontan anpil pou nou kontinye ak dinamik sou sa ke nou gen asirans se yon pwojè istorik pou Vil New York. Bò lwès Manhattan lan ap transfòme epi nou fyè pou nou travay ansanm ak Gouvènè Cuomo, Eta New York, Long Island Rail Road ak Amtrak pou pote bèl nouvo enfrastrikti ray yo nan kominote a, menm jan ak espas biwo ak lavant an detay ke yo bezwen anpil yo. Non sèlman nou ap kreye yon gwo ekipman pou pasaje jounalye LIRR ak Amtrak yo ki pase atravè batiman sa yo chak jou, men tou nou ap kreye yon nouvell destinasyon pou vil lan.”

An Janvyè 2016, Empire State Development, MTA, LIRR ansanm ak Amtrak te fè soti yon RFP ki ap solisite pwopozisyon pou redevlopman global Batiman Farley ki date de yon syèk lan, ki enkli yon Sal Rasanbleman pou Tren ak espas biwo ak lavant an detay ki alantou yo. Yo te resevwa repons RFP yo an Avril 2016 epi yo te revize pa yon panèl ekspè prive ak piblik ki soti nan domèn imobilye, konstwiksyon, konsepsyon ak finans yo.

An Septanm 2016, Gouvènè a te anonse chwa yon ekip konstwikètè-devlopè, ki genyen Related Companies, Vornado Realty LP, ak Skanska USA, pou redevlope Batiman Farley an. Empire State Development ak antrepriz komin lan te atenn yon kontra finansye sou tranzaksyon an nan mwa Jen 2017.

Governor Cuomo ap envesti 100 milya nan pwojè enfrastrikti toupatou nan New York pou pwomouvwa devlopman ekonomik, kreye djòb, e bay plis opònite. Envestisman sa yo ap pèmèt New York rekonstwi epi modènize wout, pon, rezo entènèt rapid, batiman piblik, ansanm ak lòt enfrastrikti enpòtan atravè Eta e, an menm tan, bay plizyè milye moun New York travay. Gouvènè Cuomo te lanse pwojè ki te tann twòp oswa ki te dwe fèt depi lontan, tankou pon Tappan Zee Bridge lan, transfòmasyon ayewopò LaGuardia ak JFK, ekspansyon Jacob K. Javits Center an, ak konstwiksyon nouvo Penn Station.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418